



Pou Piblikasyon Imedya: 6/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SÈVIS LAJOUNEN NAN DE DIREKSYON NAN ESTASYON UBS ARENA ELMONT LIRR LA

Fanatik Islanders yo, patisipan yo nan konsè a kapab kounye a pran tren nan direksyon lwès dirèkteman nan UBS Arena

Nouvo platfòm yo nan estasyon UBS Arena Elmont aksesib epi gen ekipman modèn ki gen ladan pasrèl ki pèmèt kliyan yo travèse an sekirite ant platfòm nan direksyon lès ak lwès yo

Estasyon UBS Arena Elmont an pral yon estasyon sèvis konplè ane sa a

Estasyon an gen ladan nouvo zèv ki devwale jodi a, Cyclical Everything, pa Shawna X

Gade foto evènman an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Estasyon UBS Arena Elmont Long Island Rail Road Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, premye nouvo estasyon LIRR nan apeprè 50 ane, kapab resevwa kounye a tren nan direksyon lès ak lwès nan jou evènman nan UBS Arena epi pral kòmanse sèvis konplè pandan tout ane a rive nan fen 2022. Apati jodi a, abitan Long Island yo k ap viv nan lès Pak Belmont pral gen yon trajè yon plas pou ale dirèkteman nan evènman UBS Arena yo. Sa pral redui tan vwayaj epi prevwa ogmante kantite patisipan nan evènman yo ki itilize transpò piblik, sa k ap ede redui blokis nan Long Island. Moun k ap vwayaje soti nan Vil New York kapab kounye a retounen dirèkteman apre evènman yo nan anpil tren san yo pa bezwen monte nan yon otobis navèt pou Estasyon Queens Village ke yo te ofri ane pase a.

"Lè w gen tou de platfòm modèn ak aksesib yo ouvri nan Estasyon UBS Arena Elmont, klas mondyal, se yon viktwa pou Long Island ak Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo pral kounye a jwi yon vwayaj pi fasil pou ale nan ak soti nan jwèt ak konsè Islanders, epi mwen pa ka tann pou m kontinye pote pwojè transfòmasyon tankou sa a nan tout kwen Empire State la".

"Enfrastrikti se sa ki fè li posib pou eta a ak Long Island pwospere sosyalman ak ekonomikman", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Avèk pwojè tankou Twazyèm Vwa Liy Prensipal (Main Line Third Track), Grand Central Madison ak nouvo estasyon UBS Arena Elmont (Elmont-UBS Arena) sa a, New York ap bay moun Long Island yo ak vizitè zile a yon sistèm tren modèn, klas mondyal, rezistan ki pral ede tou redwi anbouteyaj sikilasyon an".

Konstriksyon nouvo estasyon an pa koute anyen pou LIRR ak MTA. Devlopè estad la ak Eta New York te fè patenarya pou finanse totalman pwojè ki te estime nan 105 milyon dola. Nan pri total la, plis pase 90% te peye pa devlopè estad la avèk Eta New York ki te bay rès la. Kontribisyon Eta a se yon fraksyon nan nouvo revni fiskal pwojè a espere jenere. Pwojè sa a montre transfòmasyon patenarya piblik prive kapab genyen sou transpò piblik.

Estasyon UBS Arena Elmont an gen ladan platfòm wo nivo avèk 12 machin long ki gen kouvèti, estasyon rechaj USB, Pwen Èd, kamera sekirite, siy dijital avèk enfòmasyon sou arive tren yo, Wi-Fi ak yon sistèm fonn nèt dènye kri ki entegre nan beton platfòm yo pou asire yo rete san nèt ak glas pandan tanpèt ivè yo. Nouvo estasyon an konfòme nèt ak Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo, li genyen yon pasaj siperyè pou pyeton ki laj ki fèt pou akomode gwo foul moun ak de asansè, youn pou chak platfòm.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "UBS Arena (Estad UBS) te gen yon orè ki te ranpli avèk gwo evènman depi li te ouvri otòn pase a epi, avèk tou de platfòm yo kounye a ki an sèvis, Nouyòk yo pral gen aksè dirèk nan chemennfè a pou jwèt, konsè ak lòt evènman Islanders yo. Ansanm avèk achèvman Twazyèm Vwa a ak ouvèti sèvis nan Tèminal Grand Central, pwojè Elmont alè, nan bidjè sa a montre kijan n ap ogmante radikalman sèvis, konvenyans, ak opsyon pou kliyan LIRR yo".

Prezidan Pwovizwa Long Island Rail Road la ak Prezidan Metro-North Railroad la, Catherine Rinaldi, te deklare, "MTA te fè yon gwo investisman nan avni Long Island avèk gwo pwojè tankou twazyèm vwa sou liy prensipal la, yon nouvo koridò LIRR nan Penn Station, ak yon nouvo tèminal nan Grand Central Madison. Estasyon UBS Arena Elmont an se yon egzanp gwo bagay ki ka fèt lè nou envesti nan enfrastrikti lokal yo. Lè de platfòm yo ouvri kounye a, sa kreye yon nouvo opsyon pou moun yo ale nan evènman yo nan estad la epi li pral ede amelyore anviwònman an nan diminye trafik sou wout lokal yo".

Prezidan MTA Construction & Development, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Se premye nouvo estasyon LIRR nan prèske 50 ane, ki livre alè ak pi ba pase bidjè a. Gras a teknik konstriksyon inovatè ak jesyon pwojè obstine, n ap respekte pwomès nou genyen pou nou gen estasyon UBS Arena Elmont an pare pou sèvis nan de direksyon anvan nouvo sezon Islanders la".

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Lè nou gen platfòm nan direksyon lwès ak nan direksyon lès yo ki fonksyone nan Estasyon UBS Arena Elmont an sa pral amelyore sèvis pou moun Long Island yo epi ankouraje aktivite ekonomik nan konekte pasaje yo ak biznis nan zòn nan ak evènman nan UBS Arena. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York pral kontinye founi sèvis modènize ak amelyore sou ray tren ak metwo ki pral fè Nouyòkè yo deplase paske kwasans ekonomik ak transpò an mas ki fyab mache men nan men".

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Pandan n ap chèche fè eta nou an avanse nan yon avni ki pi dirab ak ki pi bon pou anviwònman an, lè nou gen sèvis direksyon lwès nan estasyon LIRR ki pi nouvo a nan 50 ane nan Estasyon UBS Arena Elmont an, sa pral bay yon vwayaj yon sèl plas vè lokal la ki diminye blkis epi ankouraje transpò piblik. Investisman nan transpò piblik bay benefis ki dire lontan nan kominote lokal yo epi pwofite patenarya piblik-prive, se yon etap nesèsè nan direksyon pou reyimagine transpò nan New York. Mwen vle felisite Gouvènè Hochul, UBS Arena Partners, ansanm ak ekip MTA/LIRR ki te travay nan tè kole avèk kòlèg mwen yo ak mwen menm, men sa ki pi enpòtan toujou, avèk kominote lokal yo pou wè estasyon sa a soti nan faz konseptyèl rive nan reyalyte".

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Nouvo estasyon Elmont lan se yon investisman enpòtan nan kominote nou an ki pral pèmèt fanatik Islander yo pran tren pou ale nan jwèt la, epi finalman bay rezidan yo nan katye a yon arè a tan plen nan liy prensipal LIRR la. Nouvo estasyon an se yon bèl egzanp gwo bagay nou kapab akonpli lè nou investi nan enfrastrikti nan Long Island epi se pral yon temwayaj pou tout travayè ki te vin travay pandan pandemi an pou pèmèt li rive fèt alè ak selon bidjè a".

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Avèk kòmansman sèvis de-direksyon jou evènman an nan Estasyon UBS Arena Elmont LIRR la, nou pi pre pou reyalyze totalman yon objektif nou te cheri depi lontan nan non rezidan yo. Depi nan kòmansman li, nou te fè efò pou fè pwojè reyamenajman sa a tounen yon eksperyans pozitif pou kominote Elmont, epi chanjman sa yo pral sèlman amelyore efikasite jeneral ak konvenyans LIRR. Nou kontan anpil pou vwayaj yon sèl plas sa a pou ale nan evènman yo epi nou pa ka tann pou nou gen yon estasyon sèvis konplè ke pasaje yo ka depann de li pandan tout ane a".

Prezidan UBS Arena, Kim Stone, te deklare, "Nan 30 minit sèlman, fanatik yo ka fasilman vwayaje soti nan Penn Station pou ale nan UBS Arena atravè Long Island Rail Road. Avèk nouvo sèvis direksyon lès ak direksyon lwès nan Estasyon UBS Arena Elmont nan jou evènman yo, menm plis pati New York kounye a gen aksè fasil nan lokal espektakilè nou an. Anpil remèsiman pou Gouvènè Hochul, Gouvènè Adjwen Delgado, Lejislati Eta a ak tout gason ak fanm ki travay di nan Long Island Railroad".

Manm Konsèy MTA ak Prezidan Konsèy Itilizatè LIRR, Gerard Bringmann, te deklare, "Lansman jodi a nan sèvis de direksyon espesifik pou evènman yo nan Estasyon Elmont se pwochen etap enpòtan pou premye nouvo estasyon LIRR sa a nan 50 ane, ki kowenside avèk kòmansman sezon 50yèm anivèsè Islanders yo. Pasaje ki

ale nan nouvo estasyon an ak nan UBS Arena gen anpil bagay pou selebre - epi yon fwa Aksè nan Blòk Lès la fini, nou pral wè plis sèvis regilye pou kominote a tou. Estasyon sa a se youn nan anpil gwo amelyorasyon LIRR k ap vini ane sa a, k ap ede fè transpò piblik la tounen premye chwa pou plis moun nan Long Island epi ankouraje moun ki soti toupatou nan rejyon an monte tren an lè yo vizite Long Island. Pi bon fason pou fè pasaje yo tounen se kontinye investi nan yo, avèk nouvo estasyon tankou Elmont ki gen sèvis ki satisfè bezwen yo".

Prezidan Jeneral GO-505 pou Divizyon Transpò SMART la, Anthony Simon, te deklare, "Nouvo estasyon Elmont an se yon lòt egzanp angajman MTA/LIRR pou amelyore alafwa eksperyans vwayajè ak sèvis pou evènman espesyal yo. Ajoute platfòm nan direksyon lwès la konplete tout benefis estasyon an epi li pral bay plis opsyon pou ale ak soti nan nouvo UBS Arena. Nou remèsye tout frè ak sè sendika nou yo ki travay di pou yon lòt mega pwojè enfrastrikti ki gen siksè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò ak angajman kontinyèl li anvè vwayajè MTA/LIRR yo ak kominote li sèvi yo".

Ko-Pwopriyetè Islanders lan, Jon Ledecky, te deklare, "Nouvo estasyon sa a pral bay yon opsyon transpò esansyèl pou fanatik oke (hockey) ak mizik yo ki prale ak soti nan UBS Arena. Pran tren se fason ki pi dirab pou fanatik nou yo ale nan jwèt yo - li rapid, li efikas epi li se sèlman 30 minit pa rapò ak Penn Station".

Estasyon an gen ladan nouvo travay atistik ki devwale jodi a ki rele *Cyclical Everything* pa atis Shawna X. Travay atistik la sèvi ak yon motif oval nan tout kote ki destine pou reprezante sikwi ak estad ki tou pre a, ansanm ak nati evolutif ak transfòmasyon Elmont, ak anpil kilti diferan ki lakay yo ozalantou atraksyon istorik sa a. Panno metal, ki mete nan balistrad ki pase sou platfòm sid la ak nan ranp platfòm nò a, pran fòm ritmik la lè l sèvi avèk liy nwa fonse. Pasaj siperyè estasyon an anime pa yon seri dis panno an vè lamine avèk koulè vif ki reprezante kò an mouvman, ki fè referans ak mizisyen, atlet, ak atis nan UBS Arena ki tou pre ki fèk konstwi a.

Estasyon UBS Arena Elmont ann te kòmanse sèvis pou kowenside ak premye match lakay Islanders New York nan novanm 2021 nan nouvo UBS Arena. Epitou, lokal la te investi nan investisman kapital adisyonèl nan zòn ki antoure a toupre estasyon an ak sou kanpis li a pou plis benefisye eksperyans envite yo pandan yo sou sit la. Yo pral travay tou ansanm ak ekip ak patnè lokal yo pou ofri yon varyete avantaj diferan pou fanatik yo pou ankouraje yo pran tren pou UBS Arena pandan tout sezon an.

Lè sèvis LIRR pou Grand Central Madison kòmanse nan fen ane sa a, Estasyon UBS Arena Elmont an pral tounen yon estasyon apentan nan sikis Hempstead avèk sèvis 365 jou pa ane.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418